



Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ASIRE KE YO VANN MACHIN IZE YO AK ÈBÈG KI KONKSYONE

### *Lejislasyon (S.1834-A/A.394-A) ki gen tit "Lwa Anthony Amoros" entèdi dilè machin ki ize yo vann machin an detay san yon èbèg ki fonksyone*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon entèdi dilè machin ki ize yo vann machin an detay san yon èbèg ki fonksyone. Pwojè lwa sa rele "Lwa Anthony Amoros" apre yon jèn gason ki soti Rockland ki te mouri nan yon aksidan machin nan yon machin yo te vann li, ki san li pa t konnen te san èbèg. Dapre lejislasyon sa, sètifika yo bay moun k ap achte a dwe sètifye ke machin nan ekipe ak yon èbèg, ansanm ak yon endikatè preparasyon ki endike ke èbèg la fonksyone.

"Chak Nouyòkè merite pou li an sekirite sou wout la ak dèyè volan an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan anpil ke chofè yo gen pwoteksyon yon èbèg nan ka yon trajedi frappe, se poutèt sa nouvo lejislasyon sa tèlman enpòtan. Mwen onore pou siyen pwojè lwa sa nan memwa Anthony Amoros epi mwen rekonesan a fanmi li paske yo defann onè memwa li."

Aktyèlman, pa gen egzijans pou yon dilè vann yon machin izeta bezwen yon èbèg ki fonksyone. Sa kite chofè yo vilnerab, paske yo ta ka ap kondi yon machin ki pa gen okenn nan aparèy sekirite ki pi enpòtan yo, epi gen chans pou yo pa menm konnen. Lè nou egzije tout machin yo genyen yon èbèg ki fonksyone, moun k ap achte machin yo ap gen asirans ke machin yo an sekirite pou kondui.

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Avèk 'Lwa Anthony Amoros' ki nan rejis kounye a, anpil lavi ap sove sou wout la. Mwen pwofondeman rekonesan ak Fanmi Amoros Konte Rockland pou angajman inebranlab yo pou asire ke chofè nan tout eta sa pwoteje dèyè volan yo. Mwen vle remèsye kòlèg travay mwen, Manm Asanble Zebrowski, pou rezolisyon kontini li pou fè lejislasyon sa rive nan liy arive li, ak Gouvènè Hochul paske li pwoteje chofè New York yo."

**Manm Asanble Ken Zebrowski, te deklare,** "Lwa sa fè New York gen plis sekirite pou chofè yo epi onore yon jèn Rockland remakab. Lè on machin sipoze genyen yon èbèg, epi èbèg sa manke oswa pa fonksyone, gen trajedi k ap tann. Ou pa ka vann yon machin san senti sekirite, epi kounye a ou pa ka vann yon machin ekipe san yon èbèg."

Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou siyyen mezi ki sove lavi sa ak fanmi Amoros pou kolaborasyon yo ak defans ki enspire yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)